

### SS.7.C.2.13

Egzamine plisyè pèspektiv sou pwoblèm piblik la ak aktyèl yo.

**SS.7.C.2.13 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 2:** Elèv yo ap itilize senaryo pou konprann reyakson oswa pèspektiv diferan gwoup yo.

Anba a gen kèk senaryo ki montre reyakson ki posib oswa **pèspektiv** nan gwoup diferan:

- a. Yon baz lame lokal ap fèmen epi **konsèy vil** la pa anko deside kouman yap itilize espas tèren an kap vin disponib lan. Moun ki abite nan vil la reprezante diferan **gwoup enterè yo**, bay deplian nan men ak moun kap patisipe nan reyinyon konsèy vil la. Yo eksprime plizyè pèspektiv sou izaj ki pi bon pou tèren an.
- b. Pati **Demokratik** ak **Republiken** yo tou de pale sou pwoblèm asirans maladi nan **platfòm pati yo**.
- c. De gwoup enterè yo mete piblisite nan yon jounal lokal ; yo pran pozisyon ki opoze sou si Konstitisyon Florid la ta dwe **amande** pou chanje gwochè **Lakou Siprèm Eta** Florid la.

Kesyon ki konsantre sou plizyè pèspektiv yo, ka mande elèv yo pou idantifye yon pèspektiv komen nan pamí de oubyen plis pèspektiv. Jwenn resanblans ak diferans ki genyen pamí pèspektiv yo se estrateji ki pi bon pou idantifye repons ki kòrèk la.

Konsantre sou nosyon fondamantal la se pwoblèm "piblik ak aktyèl". Pwoblèm Istorik, tankou plisyè pèspektiv ke **Federalis** yo ak **Anti-Federalis** te eksprime sou **ratifikasyon** Konstitisyon Etazini an, yo pap fè pati plizyè pèspektiv kesyon yo paske deba a Federalis/Anti-Federalis yo te "piblik" men li pat "aktyèl". Nan lòt pati a, yon fanmi kap diskite sou kouman pou yo itilize dwa **Premye Amandman** yo nan "**egzèse religyon yo lib e liben**" nan chwazi ki kote pou adore, mande elèv yo pou konsidere plizyè pèspektiv sou yon pwoblèm "aktyèl", men se pa yon pwoblèm "piblik".

Plizyè pèspektiv pa ta dwe konfonn ak evalyasyon. Yo pa pral mande kesyon kap evalye pwen de vi.

**amandman** – chanje/modifie

**Anti-Federalis** - yon gwoup moun nan tan lontan Etazini yo ki te opoze ratifikasyon Konstitisyon Etazini an paske yo te pè yon gouvènman nasyonal ki twò pwisan ak yon mank pou pwoteksyon dwa endividiyèl

**Egzèse religyon lib e liben** - dwa pou sitwayen yo pratike religyon nan chwa yo san patisipasyon gouvènman an; ki garanti nan Premye Amannman an

**Federalis** - yon gwoup moun nan tan lontan Etazini ki te favorize etablisman yon gouvènman nasyonal ki gen fòs ak ki te travay pou ratifikasyon Konstitisyon Etazini an

**gwoup enterè** - yon gwoup moun ki gen enkyetid ak yon pwoblèm patikilye epi ki eseye enflryanse lejislatè yo pou aji an favè yo; yo konnen yo tou kòm yon gwoup enterè espesyal

**konsèy vil** - kò gouvène nan yon vil

**Lakou Siprèm Florid** - tribunal la pi wo nan Florid la

**Pati Demokrat** - yon pati politik ki kwè ke gouvènman federal la ta dwe pran yon wòl ki pi aktif nan lavi pèp la, patikilyèman moun ki nan bezwen

**pati platfòm** - yon deklarasyon ki ekri objektif yon pati politik

**Pati Republiken** - yon pati politik ki kwè ke gouvènman federal la ta dwe jwe wòl ki mwens aktif nan lavi pèp la e ke endividiyèl yo ka pran swen tèt yo san èd gouvènman an

**pèspektiv** - pwen de vi

**Premye Amandman** - yon amannman nan Konstitisyon Etazini an ki entèdi Kongrè a pou l pa etabli yon religyon, ak pou l pa entèfere ak libète egzèsis religye, laprès, lapawòl, asanble, oswa petisyon

**ratifikasyon** - pwosesis pou apwouye fòmèlman yon bagay; ratifikasyon Konstitisyon Etazini an